

LEMBAR PERSEMBAHAN

Mamah

*Ka Ibu anu mulya,
Gunung teu saged ngukur jangkungna kanyaah Ibu,
Sagara teu tiasa nampung jembar kahadean Ibu.
Ti lahir dugi ka ayeuna,
Ibu janten cahya dina poékna hirup abdi,
Janten panyumputan dina hujan ku ujian,
Sareng janten panyorot jalan ku doa anu teu pegat.
Pamugia elmu anu di pikenging ku abdi ayeuna, tiasa janten salah sawios
pitulung kanggo urang sadaya.*

Ayah

*"Innalillahi wa inna ilaihi rojiun"
Hanya kepada Nya kita berpulang, dan hanya kepada Nya kita berserah.
Ka Bapa anu ayeuna hirup di sanubari abdi,
Ka Bapa anu salawasna hirup dina unggal léngkah abdi,
Ka Bapa anu salawasna aya dina unggal untaian doa abdi.
Hatur nuhun, ti anak anu parantos Bapa didik ku sagala perjuangan,
perjuangan anu Bapa simpen dina jero haté,
tanpa Bapa tampikeun kasusahna ka abdi.
Teu seueur kecap anu tiasa nyaritakeun sagala rasa ieu,
mugia doa anu panjang, ngalir tanpa pegat,
ngahontal Bapa di alam kalanggengan,
ngalipetkeun rahmat,
sareng nyimpen Bapa dina pangayoman Gusti.*

Kulawargi

*Ka Kulawarga anu abdi kanyaah
Di unggal tikungan kahirupan,
kulawarga abdi janten jangkar anu ngajaga,
jadi teduh dina panasna cobaan,
jeung jadi sumanget pikeun neraskeun lalampahan.
Ti leungeun anu salawasna nyepeng,
ti haté anu salawasna ngadoakeun,
sadayana nyieun abdi ngarti yén kanyaah teu meryogikeun alesan.
Hatur nuhun ka sadayana anu parantos masihan dukungan,
dorongan, sareng doa anu teu pegat.
Mugi Gusti ngabalikeun ku kabagjaan,
ngahiji urang dina rahmat-Na,
sareng ngajaga silaturahmi ieu nepi ka kaabadian.*

Babaturan

*Ka Réréncangan anu abdi hormat
Dina lalampahan panjang ieu,
réréncangan janten panyawangan di tengah kabut,
jadi seuri di tengah kacapean,
sareng jadi sumanget nalika léngkah mimiti ragu.
Ti guyonan basajan nepi ka obrolan jero,
ti pitulung leutik nepi ka pangorbanan anu teu kasampak,
sadayana jadi warna anu nyampurnakeun carita hirup abdi.
Hatur nuhun parantos aya,
ngadéngékeun nalika abdi nyaritakeun,
ngajaga nalika abdi rapuh,
sareng ngadorong nalika abdi leuleus.
Mugi Gusti mulangkeun ku kabagjaan,
ngajaga urang dina silaturahmi,
sarta maparin kasempetan pikeun terus babarengan dina kahadéan.*

Ka Diri Abdi Nyalira

*Ka diri anu parantos ngalangkungan jalan panjang nu pinuh ku batu jeung
onak,
ngalaman poe caang jeung wengi poek,
ngarasakeun seuri kabagjaan jeung cimata perjuangan.
Ka diri anu henteu kantos nyerah,
sanajan leungeun kadang kosong,
tapi haté tetep pinuh ku kahayang pikeun maju.
Ka diri anu diajar tina unggal kalemahan,
ngarangkep unggal pangalaman jadi batu tangga pikeun ngahontal cita.
Mugia diri ieu salawasna jadi jalma anu wani ngaharepkeun,
wani ngalaksanakeun,
sareng wani ikhlas narima hasilna.
Mugia sagala lelah ieu digentos ku kabagjaan anu sampurna,
dipaparin rahmat anu langgeng,
sareng dilapangkan jalan pikeun ngahontal sagala kahadéan.
Hatur nuhun ka diri sorangan,
anu parantos nyangking sagala beban kalayan tabah,
nyimpen sagala harapan kalayan sabar,
sareng ngiringkeun sagala léngkah kalayan doa anu teu pegat.*